

Ku Yàgg Ci Teen, Baag Fekk La Fa

Jibril: Sététété! *Non, dëkk bi metti na!* Dangay xëy di danj-danji, danj-danji, danj-danji, *mais day mel ni day gën a dëgér quoi.*

Foo fëgg mu ubbu, *cinq heures du matin* ngay xëy mais mbuuusu caaf booy lekk sax doo ko am. Dangay bàyyi njaboot gi... *Mais* metti na torop, torop torop, metti na ba ci kanamu Yàlla. *Wallaahi* metti na!

Mu ngi nii, maa ngi nar a dellu sama kér. Bi may génn bàyyiwuma fa dërëm! Maa ngi nar a dellu te duma yobbu dërëm!

Gone yi! Xawma ndax lekk nañu, xawma ndax lekkuñu. Seen yaay moom waxaalewuma ko sax!

Mais tam it, Yàlla baax na nak. Naa dem rekk ba xam lan moo fa am. Naa jéém a dem rekk ba xam.

Salaam maaleykum!

Tagati: Maaleykum Salaam!

Jibril: Ça va?

Tagati: Ça va bien.

Jibril: Naka coono yi? *Billaahi! Billaahi* sonn naa.

Tagati: Suba ba léégi tàkkusaan yaa ngiy dox!

Jibril: Sonn naa.

Tagati: Sonn nga lool.

Jibril: Naka njaboot gi?

- Tagati:** Foyiji nañ'...
- Jibril:** Xale yi!
- Tagati:** Fooyiji nañ', ñu ngi ci boppu koñ bi, ci Paa pël bi noonu.
- Jibril:** Cëy Yàlla! Waaw ñoom, mbaa añ nañ'?
- Tagati:** Añuñu.
- Jibril:** Ndoxum kese!
- Tagati:** Ndoxum kese! Tey kaay, Nijaay, dañoo woor. Dañoo dogagul kaay, waaye dañoo woor.
- Jibril:** Billaahi metti na!
- Tagati:** Metti na, wànte muñal. Ku sonn nga. Kenn du ne sonnou. Man mii xam naa ne sonn nga.
Wànte muñal, Yàlla baax na. Yàlla waxul kenn dara.
- Jibril:** *Mais* muñ dafa am fa mu yem.
- Tagati:** Dëgg la Nijaay. Waaye Yàlla mayewul daa abale.
- Jibril:** *Cinq heures du matin* laa xëy puur bañ rekk xëy ñu yeewundoo nga laaj ma dépense
duma ko am.
- Tagati:** Bu ma yeewoo, dama *tourner* gisuma la.
Mais gëmal Yàlla Nijaay. Xamal ne Yàlla dafa am lu muy may, léégi mu jot.
- Jibril:** Li gën a metti ci góór, mooy mu xëy ñu laaj ka, yorul, te mu war kaa joxe.
- Tagati:** Nijaay *comprendre* naa la. Na ñu muñ.
- Jibril:** Ñaata at a ngi nii, ñuy dunde nii.
- Tagati:** Bul weddi Yàlla. Bu yàggee dinga weddi Yàlla de!
- Jibril:** Déét! Weddiwuma ko sax, waaye dafa metti!

Tagati: Muñal rekk, Yàlla baax na.

Jibril: Metti na torop sax.

Tagati: Yàlla dina soppi sa *situation*. Muñal rekk.

Jibril: Metti na de!

[Am na kuy fëgg ci bunt bi]

Tagati: Yalla baax na. Waaw Nijaay, dafa mel ni dafa am kuy fëgg.

Jibril: Bismillaah! Metti na de!

Tagati: Waaye lu ñuy def, na ñu muñ.

Usman: Asalaam maaleykum!

Jibril: Aaleykum salaam. Metti na!

Usman: Sëriñ bi, ñu ngi lay siyaar.

Jibril: Waaw.

Usman: Sant wa?

Jibril: Ndóóy.

Usman: Ndóóy, Ndóóy.

Jibril: Naka mu la yow?

Usman: Juuf la, Juuf.

Jibril: Juuf, Juuf. *Ça va?*

Usman: Ndóóy, Ndóóy. Alhamdulillaa.

Jibril: Bismillaa, bismillaa! Toogal, toogal.

Usman: Waaw, man dey, awma toogaay. Suba ba léégi maa ngi wér.

Jibril: Déédéét waay!

Usman: Kér Muse Ndóoy laa doon laaj ñu ne ma fii la *quoi*.

Jibril: Aah! Fii la waaw.

Usman: Boo fàttelikoo am na ñetti weer si ginnaw, ñetti weer yooyu am na benn *demande* boo defoon ci benn *entreprise* bu nekk Yoof.

Tagati: Dëgg la, mooy boobu nekk ci booru *rond-point* bi.

Jibril: Ah! Loolu yàgg na, ñooñu duñu nitu dara. Ñooñu amuñu kólléré.

Ñenti at, dama fa jaabante, jaabante, jaabante...

Tagati: Boobu sunu caat bi juddoogul sax.

Usman: Déédéét, bul waxe noonu.

Jibril: Fi mu nekk nii daal, na ñu xaar Yàlla rekk mu ñów.

Usman: Bul waxe noonu, gis nga ñooñu ngay wax noonu, man mii fa laay ligééye, ñooñu ñoo ma yónni.

Jibril: Baal ma de, waaye si laa bokk rekk.

Usman: Déét! Bul waxe noonu! Bul ma xasaale! Ñooñu ñoo ma yónni.

Jibril: Ah ñu ne?

Usman: Ñoo ma jox lii, benn *convocation*, ñu ne suba, noo mën a def ba *huit heures* fekk la fa...

Jibril: Ah man! Ab *dépense* la ma tal!

Usman: *Parce que* ligééy bi nga doon ut noonu, ñoom dañu la si soxla. Fi mu tollu nii, man mii ka yor sax, xam naa ne si njaqare laa la fekk moo tax maa ngi kontaan.

Ñoom dañu la soxla si ligééy boobu. Moo tax ñu ne noo mën a def ba *huit heures* fekk la fa suba rekk...

Jibril: Soxla nañu ma.

Usman: Waaw. Loolu daal moo nekkoon may tank. Maa ngiy dem, dégg nga.

Jibril: Jérëjëf. Jérëjëf, jérëjëf. Aw, xale ba yaru laa!

Usman: Amul solo, ñoo ko bokk jérëjëf.

Jibril: Jérëjëf, Juuf, Juuf! Juufa-Njoxobaay-Samba-Boroom-Ngaay!

Usman: *Mais huit heures* lañu la wax, ah?

Jibril: Waaw. *Sept heures* fa la maa fekk!

Usman: Maa ngi daw.

Tagati: Xaaral reer.

Usman: Jérëjëf, *merci*.

Jibril: Xaaral reer.

Usman: *Merci* waay, jérëjëf waay!

Tagati: Xaj nga ci de, mënoon nga xaar reer de.

Jibril: Aw mu dëgër fit bu xaeroon reer laa kaa jox.

Tagati: Nijaay! Yàlla a ngi fi. Li indi lii, indi liggééy, mën a indi leneen!

Jibril: Lii Yàlla mën na ko! Allaahu Akbar!

Tagati: Waaw, boo muñul woon du la fi fekke.

Jibril: Muñ na ma la ba bëgg a dee!

- Tagati:** Bu yàggoon, nga weddi Yàlla nak. Weddi nga Yàlla sax.
- Jibril:** Déét! Jotuma kaa weddi nak. Jotuma kaa weddi. Waaye nak lii lañu naan “ku yàgg si teen...”
- Tagati:** “... Baag fekk la fa.”
- Jibril:** Fekk na ma fi.
- Tagati:** Olof a ko wax.
- Jibril:** Ñun nak dama foogoon ne, ñun teen bi dañu ko ubb.
- Tagati:** Ubbuñu ko.
- Jibril:** Ku ko ubboon daa guddee yegsi!
- Tagati:** Dañu ko wengal doŋ, waaye ubbuñu ko.
- Jibril:** Allaahu Akbar! Fi mu nekk nii, dama kontaan ba xawma lan laay wax.
- Tagati:** Weesu kontaan Nijaay! Weesu kontaan, tey kaay moom...
- Jibril:** Na ñu àgg si biir, xam naa ne tey moom ah ah ah...